



POU DIFIZE IMEDYATMAN

17 Septanm 2021

M-DCPS Anonse Revizyon nan Pwosedi Karantèn yo Pou Anplwaye ak Elèv Lekòl Segondè

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pa chanje nan angajman li pou bay sante ak byennèt elèv ak anplwaye li yo priorite, li kontinye travay ansanm ak “Florida Department of Health (FDOH)” (Depatman Sante Florid) ak ofisyèl ekspè sante lokal yo nan devlopman pou pwotokòl yo. Done estatistik nou ap kontwòle yo gen ladan kantite ka pozitif COVID-19 pou chak 100,000 moun nan popilasyon lokal la, nouvo admisyon nan lopital akòz COVID-19, ak kantite kabann lopital paysan COVID-19 nan Inite Swen Entansif (ICU) ak sa ki pa Inite Swen Entansif yo okipe.

Jodi a nou te konsilte ak Komite Sante ak Ekspè Medikal Distri a pou konsidere redui peryòd karantèn nan pou elèv lekòl segondè ak anplwaye yo.

Daprè konsèy medikal nou resevwa nan men komite a, kòmanse lendi 20 septanm 2021, pwosedi karantèn COVID-19 ap revize nan jan sa a:

Si yo te nan kontak dirèk ak yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, elèv lekòl segondè ak anplwaye ki pa vaksinen ka retounen lekòl/nan andwa travay si yo satisfè de (2) kritè sa yo:

- Yo bay yon rezilta tèst PCR ki negatif ki fèt nan jou oswa apre senkyèm jou yo te ekspoze a, e
- Yo pa gen sentòm

Pou elèv ak anplwaye ki pa vaksinen ki pa bay yon rezilta negatif tèst PCR nan jou oswa apre senkyèm jou yo te ekspoze a oswa ki pa gen sentòm, nou rekòmande pou yo kontinye suiv pwotokòl karantèn 10 jou a depi jou yo te ekspoze a.

Nou ap raple w, elèv ak anplwaye ki resevwa vaksen konplè yo pap bezwen rantre nan karantèn epi yo ka rete nan lekòl/andwa travay yo si yo satisfè TOUT kritè règleman “Disease Control and Prevention (CDC)” (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) yo:

- De (2) semèn pase depi yo:
 - Resevwa yon dòz vaksen, oswa
 - Dezyèm dòz la nan vaksen seri de (2) dòz la.
- Yo rete san sentòm apre yo te ekspoze a COVID-19 la.
- Yo pa abite nan kay an gwoup

Anplis, nou pral chèche konn opinyon Depatman Sante Florid (FDOH) ak Komite Sante ak Ekspè Medikal Distri a konsènan kondisyon lokal COVID-19 la ak enfòmasyon nesèsè ki ka pèmèt ajisteman nan pwotokòl pwosedi aktyèl kouvèti vizaj Distri a. Enfòmasyon sou COVID-

19 toujou kontinye ap evolye. M-DCPS ap kontinye travay avèk Depatman Sante Florid ak ekspè medikal lokal yo pou asire paran yo ak kominote nou an rete byen enfòmè atravè laprès, enfòmasyon nou afiche sou medya sosyal, kominikasyon ant lekòl-lakay la, epi sou sit entènèt nou an <https://backtoschool.dadeschools.net/>.

Pou dènye enfòmasyon yo an Kreyòl, silvouplè branche sou Radyo Lekòl lendi - vandredi a 9è diswa sou WLRN 91.3FM, ak mèkredi 10:30 dimaten sou WSRF 1580AM, e 6è diswa sou RCH 23 1610AM.

Silvouplè telechaje aplikasyon mobil Dadeschools la sou aparèy iPhone oubyen Android ou. Suiv nou sou Twitter nan [@mdcps](#) ak [@miamisup](#), sou Instagram nan [@miamischools](#) ak [@miamisup](#), e sou Facebook nan [MiamiSchools](#) ak [AlbertoCarvalho](#)

#

21/DGD/036/JC/RD/SD



Pwosedi Karantèn pou Moun ki Pa Vaksinen

- Peryòd karantèn nan se 10 jou li ye kounye a.
- Moun ki pa gen sentòm ka fini karantèn yo aprè 10 jou, san yo pa teste e retounen nan lekòl/travay.
- Moun ki an karantèn yo dwe kontinye kontwole sentòm yo pou jiska 14 jou aprè yo te ekspoze a maladi a.
- Si yon moun devlope sentòm, li dwe imedyatman izole tèt li epi kontakte doktè li.
- Pandan karantèn 10 jou a e aprè yo retounen nan lekòl/travay la, moun ki te enfekte yo dwe kontinye pran tout prekosyon pou COVID-19 yo, tankou mete yon mask, kenbe distans ak lòt moun, lave men epi evite foul moun.
- Nou ap kontinye revize pwotokòl yo pou n ka ofri opsyon pou peryòd karantèn ki pi kout.

Pwosedi Karantèn pou Moun ki Vaksinen


Elèv ak anplwaye ki resevwa tout dòz vaksen yo pap bezwen ale nan karantèn e yo ka rete nan lekòl/travay yo si yo ranpli TOUT kondisyon CDC sa yo:

- De (2) semèn pase depi:
 - 1) yo resevwa vaksen yon sèl doz la, oubyen
 - 2) dezyèm dòz la si yo te pran yon vaksen ki gen 2 dòz.
- Yo rete san sentòm aprè dènye fwa yo te ekspoze a COVID-19.
- Moun yo pa abite nan kay an gwoup.

Si yon moun resevwa tout dòz vaksen li, e li pa satisfè TOUT kritè ki anwo yo, nou pap aplike pwotokòl karantèn pou moun ki vaksinen yo pou li.



Pwotokòl Karantèn – Elèv ki Vaksinen



Ou jwenn aksè adisyonèl sou pwotokòl karantèn M-DCPS yo nan backtoschool.dadeschools.net.



Pwotokòl Karantèn – Elèv ki Pa Vaksinen

Elèv ki te gen kontak dirèk avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19



Èske elèv la gen nenpòt kalite sentòm?

NON



WI



Elèv la dwe rete lakay li e rete an karantèn pou 10 jou depi dat dènye kontak li avèk moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la anvan li retounen lekòl.



Elèv la dwe teste, rete lakay li, epi izole tèt li pou 10 jou depi lè li te fèk kòmanse santi sentòm yo EPI 24 èdtan deja pase depi li te gen dènye lafyè la san li pa itilize medikaman pou redui lafyèv la EPI sentòm yo amelyore.



Ou jwenn aksè adisyonèl sou pwotokòl karantèn M-DCPS yo nan backtoschool.dadeschools.net.